

# Community Education Council District 2

## Vin fè pati Konsèy Edikasyon pou Kominote (Community Education Council, CEC) Distri 2 a

----

### Anons pòs vid nan yon konsèy

CEC2 gen yon pòs vid nan konsèy li a epi y ap aksepte aplikasyon kounye a. CEC2 se yon konsèy edikasyon k ap defann dwa tout elèv nan Distri 2 nan non elèv yo.

#### ELIJIBLITE

Pou w elijib, ou dwe genyen yon timoun ki nan yon lekòl primè oswa lekòl presegondè nan Distri 2 kounye a, epi pitit ou a dwe gen kalifikasyon "ELL" (English Language Learner, Elèv k ap aprann lang anglè). Anplis, ou dwe kapab patisipe nan reyinyon CEC2 fè chak mwa yo.

#### APLIKASYON

Tanpri aplike dirèkteman nan DOE nan [CCECinfo@schools.nyc.gov](mailto:CCECinfo@schools.nyc.gov). Pa voye aplikasyon an bay CEC2. Aplikasyon nan nèt lang ak tout enfòmasyon sou elijiblite pou CEC yo, [w ap jwenn yo la a](#). Tanpri ale sou [www.cecd2.net](http://www.cecd2.net) pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy nou an. Pa pran tan pou voye aplikasyon w lan!

